**दिन–सोमवार** **दिनांक–05.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय वक्फ संसोधन अधिनियम दू हजार पचीसक संवैधानिक वैधता सँ जुड़ल मामिलाक ई मासक पंद्रह तारीख कऽ सुनत। प्रधान न्यायाधीश न्यायमूर्ति संजीव खन्ना, न्यायमूर्ति संजय कुमार आओर न्यायमूर्ति के.वी विश्वनाथनक खंडपीठ अधिनियमक संवैधानिक वैधता के चुनौती देबयबला याचिकाक सुनवाई कऽ रहल छल। एहि बीच प्रधान न्यायाधीश जनौलनि जे ओ जबावी हलफ्नामा के बढ़ियां सँ नहि पढ़लनि अछि। ओ जनौलनि जे अगिला मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति भूषण रामकृष्ण गवईक पीठक सोझा ई मामिला रहत। प्रधान न्यायाधीश जनौलनि जे ई मुद्दा के देखबाक लेल न्यायामूर्ति गवई के किछु समय भेटत। न्यायमूर्ति गवई ई मासक चौदह तारीख सँ भारतक अगिला मुख्य न्यायाधीशक कार्यभार संभारताह।

---

खेलो इंडिया यूथ गेम्सक दोसर दिन आइ कबड्डी, तीरंदाजी, आओर गतका सँ जुड़ल स्पर्धा बेसी खेलल गेल। फुटबॉल मे बालिका वर्ग मे तमिलनाडु बिहार के दू–एक सँ हरौलक। ई मोकाबिला बेगूसरायक रिफाइनरी मैदान मे खेलल गेल। मार्शल आर्टक खेल–गतकाक टीम इवेंट स्पर्धा मे बेसी बढ़िया मोकाबिला देखल गेल। बिहार बालिका वर्ग मे गोवा के हरौलक। ओतहि, बालिका वर्ग मे असम तेलंगाना के हरौलक। पंजाब, झारखंड आओर तमिलनाडु सेहो ग्रुप इवेंट मे जीतलक। चंडीगढ़, मध्य प्रदेश आओर महाराष्ट्रक बालिका सभ अपन–अपन प्रतिद्वंद्वि के हरा कऽ जीत हासिल कयलनि। राजगीरक स्पोर्टस कांपलेक्सक मे कतेको मोकाबिला खेलल गेल। बालिकाक कबड्डी स्पर्धा मे उत्तर प्रदेशक टीम तमिलनाडु के हरौलक। कबड्डी मे बिहार गोवा टीम के हरा कऽ अपन पहिल जीत हासिल कयलनि अछि।

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां जनौलनि अछि जे आतंकवाद के कोनो किमत पर बर्दास्त नहि कयल जा सकैत अछि। आइ नवादा मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आतंकवादक खिलाफ निश्चित रूप सँ कड़गर डेग उठौताह। एहि सँ पहिने हिसुआ मे भारतीय राजव्यवस्था– एक आलोचनात्मक मूल्यांकन विषय पर आयोजित

एक परिचर्चा के संबोधित करैत ओ जनौलनि जे लोकतंत्र विश्वक सर्वश्रेष्ठ शासन प्रणाली अछि। राज्यपाल जनौलनि जे जाहि काल रोमन स्टेटक कोनो अता–पता नहि छल ओहि काल वैशाली आओर दक्षिण भारतक किछु क्षेत्र मे शासक के जनता चुनैत छल।

———————————————————

मेडिकल पाठ्यक्रम मे प्रवेश लेल काल्हि भेल नीट–यूजी परीक्षा मे फर्जीवाड़ा करबाक आरोप मे समस्तीपुर पुलिस एक डॉक्टर सहित दू लोक के गिरफ्तार कयलक अछि। ए.एस.पी संजय पांडेय जनौलनि जे बेगूसराय जेल मे पदस्थापित डॉक्टर रंजीत कुमार के गिरफ्तार कयल गेल अछि। हुनका लऽग सँ कतेको छात्र सभक प्रवेश–पत्र बरामद भेल अछि।

———————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर सांसद डॉक्टर संजय जायसवाल जनौलनि जे बिहार विधानसभा चुनाव मे एनडीए दू सय बीस सीट जीतत। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे महागठबंधन आओर इंडी गठबंधन सँ जुड़ल लोक सभ मात्र सत्ताक राजनीति करैत छथि। हुनका सभ के आम लोकक कोनो परवाह नहि छनि।

———————————————————

प्रदेश मे आब सहकारी बैंकक माध्यम सँ सेहो लोक सभ के गोल्ड लोन देल जायत। सहकारिता मंत्री डॉक्टर प्रेम कुमार आइ पटनाक बांकीपुर मे गोल्ड लोन योजना आओर पेमेंट गेटवे शुरू कयलनि। एहि मे सहकारी बैक अपन ग्राहक सभ के स्वर्ण आभूषणक दामक आधार पर बीस हजार सँ पांच लाख टाका धरिक लोन देत। एहि पर ब्याज नओ दशमलव पांच प्रतिशत सँ लऽकऽ दस प्रतिशत धरि रहत। ई लोनक अवधि एक मास सँ लऽकऽ बारह मास धरिक होयत।

———————————————————

पटनाक विक्रमगंजक कृषि अनुसंधान केन्द्र द्वारा विकसित धानक किस्म सबौर प्रतापक बिहार सहित एगारह राज्य मे उपजाओल कयल जायत। केन्द्रक वैज्ञानिक डॉक्टर प्रकाश सिंहक अगुआईबाला टीम धानक ई किस्मक विकास कयलक अछि। ई किस्मक विशेषता एक सय तीस सँ एक सय चालीस दिन मे कम सिंचाई मे साठि सँ सत्तरि क्विटंल प्रति हेक्टेयर उपजाक क्षमता अछि।

———————————————————

पश्चिम विक्षोक असरि कम भेला सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे अधिकतम आओर न्यूनतम तापमान बढ़ल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला चारि दिनक बीच औसत तापमान चारि सँ छओ डिग्री सेल्सियस बढ़ि सकैत अछि। ओतहि, अगिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तर–पश्चिमी, उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्वी आओर दक्षिणी क्षेत्र मे किछु ठाम तेज हवाक संग मेघ गरजक संग ठनका खसबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बीच सैतीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग रोहतास जिलाक डेहरी सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल।

———————————————————————

पूर्वी चंपारण पुलिस अधीक्षक स्वर्ण प्रभात, भेलाही थानाध्यक्ष मोहम्मद शाहरूख के शराब माफिया सँ गठजोड़ आओर अबैध बसूलिक आरोप मे निलंबित कऽ देलनि अछि।

अररिया जिलाक फराक–फराक थाना क्षेत्र सँ पुलिस भारी मात्रा मे शराब आओर प्रतिबंधित कप सिरपक  संग दू लोक के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त